**दिन–बुधवार** **दिनांक–03.04.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि बिहारक जमुई सँ एन.डी.ए क' चुनाव प्रचार अभियान शुरू करताह। श्री मोदी चारि अप्रील कऽ खैराक बल्लोपुर मे एक जनसभा के सम्बोधित करताह। पछिला लोकसभा चुनाव मे सेहो श्री मोदी जमुई सँ चुनाव प्रचार अभियान शुरू कयने रहैथ। ई लोकसभा क्षेत्र सँ लोजपा, रामविलासक अरूण भारती एन.डी.ए उम्मीदवार छथि। एम्हर, प्रधानमंत्री सात अप्रील कऽ नवादा मे सेहो एक चुनावी सभा के सम्बोधित करताह। एतय सँ भाजपा प्रत्याशी विवेक ठाकुर ई जनतब देलनि।

---

पूर्णियां लोकसभा क्षेत्र सँ राजद उम्मीदवार बीमा भारती आइ अपन नामांकन पर्चा भरलनि। ई सीट सँ कांग्रेस नेता उम्मीदवार पप्पू यादव काल्हि अपन नामांकन पत्र भरताह। श्री यादव एक सोशल मीडिया पोस्ट मे ई जनतब देलनि। ध्यातव्य अछि जे इंडी गठबंधन मे सीटक बांट–बखरा मे पूर्णियां संसदीय सीट राजदक खाता मे गेल अछि। तइयो, पप्पू यादव ई सीट सँ चुनाव लड़य पर अडिग छथि।

एम्हर, किशनगंज संसदीय क्षेत्र सँ ए.आई.एम.आई.एम प्रत्याशी अख्तरूल ईमान आइ नामांकन पत्र दाखिल कयलनि।

---

राष्ट्रीय लोक जनशक्ति पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष पशुपति कुमार पारस जनौलनि अछि जे ओ हाजीपुर लोकसभा सीट पर एन.डी.ए उम्मीदवार चिराग पासवानक समर्थन करताह। पत्रकार लोकनि सँ गपशप मे श्री पारस जनौलनि जे ओ बिहार मे सभ चालीस सीट पर एन. डी.ए उम्मीदवार सभक समर्थन करताह।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता सुशील कुमार मोदी जनौलनि अछि जे ओ लोकसभा चुनाव मे अपन सक्रिय भूमिका नहिं निभा सकताह। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी जनौलनि जे

ओ पछिला छओ मास सँ गलाक कैंसर सँ पीड़ित छथि। ओ जनौलनि जे अखन हुनक दिल्ली एम्स मे उपचार चलि रहल छनि।

———————————————————————

राज्यसभाक एगारह नव सदस्य सभ आइ शपथ लेलनि। उपराष्ट्रपति आओर राज्यसभाक सभापति जगदीप धनखड़ हुनका सभ के संसद भवनक अपन कक्ष मे शपथ दिऔलनि। बिहार सँ राजदक मनोज झा, संजय यादव आओर, भाजपाक धर्मशीला गुप्ता शपथ लेलनि। मनोज झा मैथिली मे शपथ लेलनि।

———————————————————————

राज्य निर्वाचन आयोग सीतामढ़ी जिलाक सोनवर्षा प्रखंडक भलुआहा पंचायतक मुखिया बिल्टू राय के दोहरी नागरिकता राखबाक आरोप मे पद सँ हटेबाक लेल जनौलक अछि। बिल्टू राय पर नेपालक नागरिकता रखैत भारत मे पंचायत चुनाव लड़िकऽ मुखिया बनबाक खिलाफ मामिला दर्ज कराओल गेल छल।

———————————————————————

राष्ट्रीय शैक्षिक अनुसंधान आओर प्रशिक्षण परिषद–एन.सी.ई.आर.टी. जनौलक अछि जे विद्यालय सभ मे पोथी–पुस्तक समय पर देबाक प्रयास कयल जा रहल अछि। सोशल मीडिया पर एक पोस्ट मे एन.सी.ई.आर.टी जनौलक जे पहिल, दोसर, सातम, आठम, दसम आओर बारहवींक कक्षा लेल तैंतीस लाख पोथी छपि गेल अछि आओर ई सभ के दोकान पर पठा देल गेल अछि। परिषद जनौलक अछि जे तेसर आओर छठम कक्षा लेल नव पाठ्यक्रमक पोथी एहि मास आओर अगिला मास प्रकाशित कऽ देल जायत। ओ जनौलनि जे कक्षा चारि, पाँच, नओ आओर एगारहवींक पोथी एहि मास बाजार मे आबि जायत।

———————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोग प्रधानाध्यापक आओर प्रधान शिक्षक सभक नियुक्ति लेल, लेल जायवला परीक्षाक लेल आवेदन करबाक अंतिम तिथि दस अप्रील धरि बढ़ा देलक अछि। पहिने अंतिम तिथि दू अप्रील छल।

———————————————————————

रेलवे जयनगर आओर दानापुर सँ पुणा  लेल स्पेशल ट्रेन चलेबाक निर्णय लेलक अछि। ई ट्रेन दानापुर सँ काल्हि राति नओ बाजिकऽ चालीस मिनट पर जखनकि जयनगर सँ पुणा लेल पाँच अप्रील कऽ खुजत।

———————————————————————

निगरानी जाँच ब्यूरोक टीम दरभंगाक धर्मपुरक सेंट्रल बैंक ऑफ इंडियाक शाखा प्रबंधक गुड्डू रजक के तीस हजार टाका घूस लैत ठामहि गिरफ्तार कऽ लेलक। ओ नावार्ड प्रायोजित योजना मे लोन देबाक लेल शिकायत कर्ता सँ घूस लऽ रहल छलाह। ओतहि, निगरानी विभागक टीम दरभंगा बिजली विभागक कार्यपालक अभियंता अजीत कुमार आओर एक महिला कर्मी रिंकू कुमारी के चालीस हजार टाका घूस लैत ठामहि गिरफ्तार कऽ लेलक। बिजली कनेक्शन देबाक लेल कार्यपालक अभियंता अपन सहयोगीक संग घूस लऽ रहल छलाह।

———————————————————————

बेगूसराय मे चलि रहल बावनम सीनियर मेन्स राष्ट्रीय हैंडबॉल प्रतियोगिता मे बिहार हरियाणाक टीम के हराकऽ सेमीफाईनल मे आयल अछि। बिहारक सेमिफाईनल मैच झारखंड सँ होयत।

———————————————————————

चुनाव आयोगक उड़न दस्ता टीम गोपालगंज जिलाक मीरगंज थानाक सवरेजी मोड़ लऽग एक व्यक्ति सँ बीस लाख टाका जब्त कयलक अछि।

———————————————————————

लोकसभा चुनाव के देखैत अररिया जिलाक फराक–फराक थाना क्षेत्र मे पुलिस अभियान चलाकऽ कतेको मामिला मे वांछित उनचास अपराधी के गिरफ्तार कयलक अछि, संगहि चौबीस किलो गांजा आओर सय लीटर नेपाली शराब सेहो जब्त कयलक अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।